

Rezime Règ Lojman Pou Tout Moun Nan Asistans Pou Ijans (EA)
Jan li te revize an janvye 2015 - Lojman

Remak: Sa a se yon rezime Règ Lojman Pou Tout Moun (Règ). Pou tout detay yo, gade vèsyon konplè Règ Lojman Pou Tout moun nan. Vèsyon konplè Règ la genyen tout dispozisyon yo. Ou dwe revize Rezime sa a ak vèsyon konplè Règ yo pou aprann tout detay yo ak konprann dwa ak obligasyon ou. Règ sa yo se pou fanmi ki nan lojman ak diferan moun ki rete ansanm, otèl, ak diferan sit ki epapiye. Se responsabilite ou pou ou kenbe yon kopi Règ yo ak pou ou asire w ou konprann yo.

Atansyon:

- Si ou pa konprann Règ yo, mande travayè DHCD ou oswa yon lòt moun ou fè konfyans pou eksplike ou yo.
 - Yo kapab retire ou nan lojman ou rete a apre ou vyole Règ sa yo yon tal trwa fa.
 - Nou kapab eskize kèk vyolasyon règ sa yo pou “bon kòz” men se pa tout bon rezon n ap nesesèman konte pou yon “bon kòz” Gade vèsyon konplè Règ yo ak règ DHCD pou sa ki konte pou “bon kòz.”
 - Si yo retire ou nan pwogram EA a, yo kapab entèdi ou menm ak pitit ou retounen ou 12 mwa.
1. **Dwa Pou Antre Nan Chanm/Fouye** – Anplwaye lojman ak otèl yo gen dwa pou antre nan chanm ou regilyèman genyen garanti chanm yo genyen sekirite epi yo pwòp ak yon pre-avi 24 èdtan avan vizit la. Epi tou yo kapab antre nan chanm ou avan pre-avi si ta genyen yon ijans, ki kapab si yo sispèk vyolasyon grav Règ yo ladan. Anplwaye yo dwe frape ak anonse ki moun yo se avan yo antre nan chanm ou pou fè enspeksyon. Nan yon otèl, ou dwe kite moun k ap fè menaj antre nan chanm ou pou netwaye chak jou pandan lajounen si yo te ba ou yon peryòd twazèdtan pou lè moun nan ap vin netwaye a. Men, ou kapab refize moun nan vin netwaye lakay si genyen moun malad nan kay la epi li pa kapab twa jou youn apre lòt.
 2. **Gade Timoun/Gadri** – sèlman pou lè y ap gade timoun nan lojman oswa otèl la.
Si ou rete nan yon lojman ansanm ak plizyè moun – Yon lòt rezidan nan lojman an kapab gade pitit ou, men se sèlman ak otorizasyon davans anplwaye lojman an oswa pou bon kòz, tankou yon ijans.
Si ou nan yon otèl – Yon lòt moun k ap patisipe nan pwogram EA a nan menm otèl sa a kapab gade pitit ou men se sèlman ak otorizasyon davans DHCD oswa pou bon kòz, tankou yon ijans.

Nan ni lojman ak otèl – Yon timoun 14 an oswa plis kapab gade tèt li ak timoun nan menm fwaye a ki pi piti pase li men sèlman ak otorizasyon davans oswa yon bon kòz, tankou yon ijans. Yo dwe gade timoun nan swa nan chanm ou oswa chanm moun k ap gade li a oswa pandan y ap mennen yon timoun ki pi piti nan transpòtasyon pou ale oswa vini nan lojman oswa otèl la. **Genyen yon fòm pou mande pèmisyon pou gade timoun nan lojman an ak nan resepsyon otèl la.** Yo kapab gade timoun nan pou yon grenn jou, plizyè jou, oswa regilyèman.

Ou dwe mande pèmisyon omwen de (2) semèn avan. Si ou pa kapab mande pèmisyon de (2) semèn avan, ou dwe toujou mande pèmisyon epi eksplike poukisa ou pa te kapab mande pèmisyon pi bonè. Si ou mande pèmisyon pou yon moun gade pitit ou omwen 2 jou avan men ou pa resevwa yon repons, sa vle di yo ba ou pèmisyon.

3. **Swen Timoun** – Adilt yo responsab pou okipe timoun nan fwaye EA a, epi sa gen ladan asire yo timoun yo ale lekòl, yo manje byen ak repoze.
4. **Timoun yo Kite Poukont Yo** – Ou pa gendwa janm kite pitit ou poukont yo san yon moun k ap siveye yo. **Jeneralman sa vle di pitit ou pa sipoze pa ansanm ak ou, ou pa ka wè li, oswa pa ka tande li menm si se pou yon ti moman** amwenske yo ak yon moun ki gen pèmisyon pou gade yo. Yon timoun 16 an oswa plis kapab vizite lòt moun ki nan espas tout moun frekante nan otèl la si li gen otorizasyon pou gade tèt li oswa si yon adilt ki ap okipe li sou pwopriyete a oswa li kapab jwenn li pa telefòn oswa an pèsòn byen vit.
5. **Delè Pou Rantre** – Ou dwe retounen nan lojman oswa otèl la nan delè yo di ou sipoze a amwenske ou genyen yon bon kòz jan li defini nan règ DHCD yo. Ou dwe swiv règ pou ou nan chanm ou apre yon lè lojman oswa otèl la etabli (jeneralman inèdtan apre delè ou sipoze rantre nan lojman oswa otèl la) jiska 6è nan demen maten. Ou kapab mande pou chanje lè ou sipoze rantre a si sa nesèsè akòz orè travay ou oswa lòt bon rezon nou eksplike nan Règ yo. Ou dwe swiv règ pou “pa pale fò” ki kòmanse inèdtan avan delè pou rantre a.
6. **Domaje Pwopriyete ak Depans** – Ou pa kapab domaje okenn pwopriyete lojman oswa otèl la. Si ou domaje oswa retire pwopriyete lojman oswa otèl, ou kapab oblije peye pou domaj la. Epi tou ou dwe peye pou depans ki pa kouvri so pwogram lojman EA a, ki kapab genyen ladan itilize telefòn ak lwe fim. Si ou respekte yon plan ranbousman rezonab nou p ap konsidere ou te vyole règ sou domaje pwopriyete lojman ak otèl la.

7. **Kondisyon DHCD** – Ou dwe ale nan rankont ak anplwaye lojman an, anplwaye DHCD, travayè k ap chèche kay, oswa lòt ajans ki genyen kontra ak DHCD. Epi tou ou dwe respekte plan relojman ou, ki kapab genyen obligasyon pou rezoud nenpòt mande ki pa regle 30 jou apre dat ou te resevwa manda a. Ou sipoze rive nan lojman oswa otèl la jou yo plase ou a avan 8è diswa. Anplwaye yo dwe ba ou enfòmasyon sou jan pou kontakte yo si ou bezwen chanje yon randevou.
8. **Deranje Lapè** – Ou pa gendwa aji yon fason ki deranje anpil lòt fanmi nan lojman an, lòt rezidan nan apatman ki epapiye yo, oswa lòt kliyan nan otèl la.
9. **Tès Pou Dwòg** – Ou dwe pran yon tès dwòg si lojman an peye pou tès la ak si lojman an ba ou yon deklarasyon ekri ki di poukisa li genyen yon bon rezon pou sispèk w ap itilize dwòg.
10. **Sekirite Dife ak Fimen** – Nou entèdi moun fimen, itilize okenn bagay ki ka pran dife (tankou bouji, ansans, oswa aparèy pou fè manje ki pa otorize), ak pou dezaktive aparèy pou detekte lafimen anndan nenpòt lojman oswa otèl. Ou dwe fimen sèlman nan espas deyò lojman oswa otèl ki pou fimen.
11. **Langaj ki Nwi Oswa Menase Moun** – Ou pa kapab itilize langaj ki nwi oswa menase lòt rezidan EA oswa kliyan otèl, konpayi k ap ofri sèvis, oswa anplwaye DHCD, lojman, oswa otèl.
12. **Aktivite Ilegal** – Nou entèdi nenpòt aktivite ki vyole lwa eta, federal oswa lokal sou pwopriyete lojman oswa otèl la oswa tou pre li.
13. **Zafè Legal** – Ou dwe bay anplwaye EA ak anplwaye DHCD enfòmasyon sou nenpòt manda ou poko regle, entèdiksyon domisil, ak lòt lòd tribinal ou genyen. Ap genyen yon fason pou abòde zafè legal sa yo pou poko regle nan plan relojman ou.
14. **Dòmni Deyò** – Chak manm fanmi ou dwe rete kote yo mete nou pou pwogram EA a (kit se lojman oswa otèl) chak swa amwenske ou genyen pèmisyon davans nan men DHCD oswa ou genyen yon bon kòz tankou yon ijans. Fanmi ou deyò plasman EA a pou jiska kat (4) nwit yon mwa ak pèmisyon. Genyen yon fòm pou mande pèmisyon pou pase nwit deyò lojman oswa otèl la nan lojman an oswa resepsyon otèl la. Ou dwe mande pèmisyon omwen de (2) semèn avan. Si ou pa kapab mande pèmisyon de (2) semèn avan, ou dwe toujou mande pèmisyon epi eksplike poukisa ou pa te kapab mande pèmisyon pi bonè. Si tout fanmi ou bezwen pase plis pase kat nwit youn apre lòt deyò,

mande kowòdonatè pou sanzabri DHCD ou yon Entèripsyon Lojman Ijans Tanporè [Temporary Emergency Shelter Interruption (TESI)]. Si ou mande pèmisyon pou pase nwit deyò omwen 2 jou avan men ou pa resevwa yon repons, sa vle di yo ba ou pèmisyon.

15. **Pwopriyete Pèsonèl ak Pwòpte Chanm** – Ou dwe kenbe chanm pou pwòp epi byen ranje. Bagay pa nou pa sipoze plis pase sa ki menm gwo sak de gwo sak poubèl pou chak moun nan nenpòt lojman moun rete ansanm oswa sit ki epapiye oswa chanm otèl. Si ou vini nan yon lojman ak twòp bagay, w ap genyen 7 jou pou retire bagay an plis yo.
16. **Bèt** – Nou entèdi tout bèt domestik ak lòt bèt nan pwopriyete lojman oswa otèl la, sòf pou bèt pou moun avèg ki dokimante.
17. **Medikaman Sou Preskripsyon** – Ou responsab pou asire w ou mete medikaman sou preskripsyon ou yon kote ki apwopriye epi ou itilize you jan ou sipoze epi yo pa disponib pou timoun oswa lòt moun medikaman an pa preskri pou yo. Nan yon lojman, anplwaye lojman an dwe ede ou jwenn yon bon kote pou mete medikaman ou. Nan yon otèl, ou kapab ekri otèl la pou mande yon kòfrefò pou mete medikaman ou. Si ou pa genyen kòfrefò, ou dwe fè tout efò pou kenbe medikaman ou yon bon kote.
18. **Agresyon Seksyèl** – Nou entèdi zak agresyon seksyèl kont nenpòt moun sou pwopriyete lojman oswa otèl la.
19. **Abi dwòg ak alkòl** – Nou entèdi moun genyen oswa itilize alkòl, dwòg, oswa nenpòt lòt bagay ki kontwole tankou dwòg sou pwopriyete lojman oswa otèl la. Nou entèdi pou ou menm genyen yon boutèy ki pa louvri. Nou entèdi moun pran alkòl oswa bagay ki kontwole menm lè yo pa sou sit la paske sa kapab lakòz pwoblèm nan lojman oswa otèl la.
20. **Konpòtman Vyolan, Abi, oswa Neglijans Timoun** – Ou pa gen dwa patisipe nan okenn zak vyolan oswa abize oswa neglijans timoun. Lè ou kale yon timoun nou konsidere sa abi oswa neglijans timoun.
21. **Vizitè** – Ou kapab genyen vizitè nan yon lojman an akò ak règle lojman an. Ou pa dwe janm mennen vizitè nan chanm ou amwenske se yon ajans sèvis sosyal ki otorize oswa yon lòt fanmi ki rete nan otèl la. Manm yon lòt fanmi ki rete nan otèl la kapab vizite otèl ou sèlman si genyen yon adilt nan fanmi an ki nan chanm nan oswa nan otèl la tou epi yo kapab kontakte li pa telefòn oswa vwa, oswa si ou genyen otorizasyon pou gade

timoun yon lòt fanmi. Pa kapab genyen plis pase 6 moun nan yon chanm otèl alafwa si genyen vizitè la. Ou dwe swiv règ lojman ak otèl la pou ki lè ak ki kote ou kapab genyen vizite nan espas tout moun frekante nan yon lojman oswa otèl.

22. Zam – Ou pa dwe genyen okenn zam sou pwopriyete lojman oswa otèl la. Ou pa dwe janm genyen zam nan men ou menm si li anrejistre legalman.

Yon lojman oswa otèl kapab genyen plis règ an plis Règ Pwogram Lojman Pou Tout Moun nan. Vyolasyon règ lojman oswa otèl ki sèlman pou lojman oswa otèl sa a pa yon rezon pou di pou pa te konfòme ou oswa retire ou nan pwogram nan, men yo kapab lakòz nou transfere ou oswa refize ou sèten privilèj. Ou dwe eseye respekte tout règ yo.

Si ou genyen kesyon sou sa Règ yo siyifi, ou kapab mande Kowòdonatè Sanzabri DHCD ou. Nan yon lojman, ou kapab mande anplwaye lojman an. Nan yon otèl, ou kapab mande kowòdonatè pou sanzabri k ap fè tranzisyon, vizitè FOR Families, anplwaye sipò otèl EA, oswa lyezon HomeBASE ou.

Rezime sa a fèt pou rann li pa fasil ak pi pratik pou patisipan EA ak anplwaye k ap travay nan pwogram nan. Li senp pou nou te ka rann li pou kout epi ou pa dwa itilize li pou entèprete oswa ajoute konplete vèsyon konplè Règ yo. Si genyen nenpòt bagay ki pa menm nan rezime sa a ak vèsyon konplè Règ yo, se langaj konplè Règ yo pou ou itilize.